

REKÒMANDASYON POU OFRI SÈVIS SANTE AK/OSWA AKOMODSAYON DAPRE SEKSYON 504 POU ELÈV NAN LEKÒL LETA VIL NOUYÒK - ANE LEKÒL 2017-2018

Pou tout paran, doktè, ak founisè swen sante :

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) ak Depatman Sante ak Ijyèn mantal Vil Nouyòk *New York City Department of Health and Mental Hygiene* (NYCDOHMH) kolabore pou fè sèten yo ofri tout elèv ki gen bezwen espesyal sèvis pou patisipasyon entegral yo nan anviwònman edikasyon. Poutè sa, paran ak founisè dwe itilize fòm nou mete ak lèt sa pou mande sèvis dirèk swen sante nan lekòl la ak/oswa akomodasyon dapre Seksyon 504 Lwa 1973 pou Reyabilitasyon. **Ou dwe retounen fòm sa yo ba lekòl pitit ou a pou fè fòmalitye pou apwouve yo.** W ap bezwen yon nouvo fòm demann ak otorizasyon pou chak lekòl si timoun lan kontinye bezwen sèvis yo mande l genyen yo nan lekòl la. Ou dwe swiv rekòmansasyon sa yo pou fasilite verifikasyon fòm ou ranpli yo epi pou yo ofri sèvis apwopriye onivo klinik :

- Doktè/Founisè swen sante k ap ranpli fòm lan dwe se menm moun k ap trete aktivman kondisyon y ap mande sèvis pou li a.
- Li dwe genyen yon lisans valid Eta Nouyòk, New Jersey oswa Connecticut, epi bay yon nimewo Medicaid & yon nimewo NPI. So yon doktè k ap swiv yon estaj fòmasyon ki pa gen yon nimewo lisans ranpli fòm lan, yon sipèvizè (sa vle di, doktè tretan) dwe kontresiyen l, epi li dwe mete nimewo lisans sipèvizè a.
- Preskripsyon an dwe espesifik, fasil pou li epi ekri aklè pou enfimye a ka byen konprann li epi pou li ka byen egzekite l klinikman.
- Ou dwe mande sèlman sèvis sa yo ke yo dwe ofri pandan lè lekòl (paegzanp, si yo ka bay medikaman yo lakay timoun lan anvan oswa apre lekòl, ou pa dwe mande pou ofri yo nan lekòl la).
- Yo p ap bay medikaman omeyopatik yo.
- Tanpri sonje ke anjeneral yo konsève medikaman yo nan yon kabinè ki fèmen akle nan yon pyès detèmine (tankou, yon sal medikal) amwenske ou otorize elèv la pote medikaman sou li nan lekòl la. Anplis, yo ka konsève *Epinephrine* nan salklas la epi elèv la ka toujou pote l sou li dapre Plan pou aksyon lè alèji manifeste.
- Paran, doktè, estaf lekòl ak elèv dwe kolabore pou ankouraje chak timoun k ap itil tèt li otank posib. Si timoun lan ka pran medikaman an poukont li, paran an dwe mete inisyal li nan zòn apwopriye ki nan do fòm medikaman an. Pifò elèv ki nan nivo klas presegondè ak segondè ta sipoze an mezi pou jere medikaman an poukont yo, (sa vle di yo sipoze kapab konnen bagay sa yo: ke medikaman an se medikaman yo dwe pran an ; poukisa y ap pran medikaman an; dòz kòrèk oswa kantite dòz pou yo pran; kilè li bezwen pran medikaman an pandan jounen lekòl la; dekri sa ki rive si l pa pran l). Kidonk yo pèmèt elèv sa yo pote medikaman sa yo ki nesèsè pandan jounen lekòl san yo pa sipèvizè yo epi pou yo pran yo poukont pa yo ; men **yo pa dwe janm pèmèt elèv sa yo pote medikaman ki fèt avèk sibstans kontwole.**

Paran, sonje klipse yon ti foto kouran pitit ou a nan kwen anwo agòch Fòm pou bay medikaman *Medication Administration Form* (MAF) pou yo ka byen idantifye l.

Gen kat tip fòm demann ak otorizasyon :

- *Medication Administration Form* (MAF) - yo dwe ranpli l sèlman pou mande bay elèv medikaman. Pou ka opresyon, founisè yo dwe klipse yon Plan aksyon pou opresyon avèk MAF la. Li ka ankonbran pou itilize yon vaporizatè pou opresyon nan pwomnad lekòl òganize, tanpri konsidere fè doktè preskri yon inalatè ak yon *spacer* lè sa posib. **Sonje gen twa tip MAF separe: youn pou medikaman opresyon, youn pou medikaman alèji/anafilaksi, ak youn pou lòt medikaman.**
- Pou tretman doktè preskri (Se pa medikaman) - yo dwe ranpli fòm sa a lè doktè mande fè pwosedi espesyal tankou enstalasyon tib katetè nan vesi, terapi pou respirasyon, *suction* trache, tib nan estomak pou bay moun manje, elatriye. Yo ka itilize fòm sa a pou tout tretman enfimye kalifye.
- Fòm pou bay elèv medikaman pou dyabèt - yo dwe ranpli l pou elèv ki gen dyabèt ki bezwen yonn nan bagay sa yo: monitè glikoz, ensilin ak/oswa pou bay glucagon.
- Demann pou Akomodasyon dapre Seksyon 504 - yo dwe itilize fòm sa a lè y ap mande sèvis espesyal tankou bilding ki gen aksè pou moun ki gen pwoblèm pou mache, pou mande itilize asansè, pou mande modifikasyon nan egzamen, etc. Yo **PA** dwe itilize fòm sa a pou mande sèvis ki mache avèk sèvis edikasyon espesyal tankou terapi pou ede moun rebran aktivite yo, terapi fizik, terapi pou pwononsyasyon ak pou langaj, konsèy, etc. ke yo konsidere kòm sadwa nan Plan Edikasyon endividyèl *Individualized Education Program* (IEP) yon elèv.

Tanpri kontakte lekòl elèv la si w gen nenpòt kesyon. Mèsi pou sipò ou.